

Mizajou sou estati vaksinasyon COVID-19

09 fevriye 2023

Chè kominote ki sou Kanpis la,

Nou kontan gen tout kominote nou an ki retounen sou kanpis la epi nou kontan paske nan kòmansman semès la, ka COVID-19 nou yo rete ba, epi, sa ki rekonfòte n nan, se paske nouvo varyan COVID-19 yo pa bay pifò moun ki genyen yo a maladi grav. Pandan de dènye ane yo, nou te rive retire nan chay COVID-19 sa a nan kominote nou an, yon bò se gras a elèv nou yo, pwofesè nou yo ak anplwaye nou yo ki te pran premye vaksen an ak rapèl la.

Nan moman an la a, **vaksen** ak **tretman** COVID-19 yo lajman disponib, epi pi fò nan popilasyon an gentan rive nan yon nivo iminite ki ase, ki fè enpak viris la diminye. Poutèt sa, **depi jodi a, prè vaksinasyon COVID-19 p ap nesesè ankò nan Inivèsite Maryland**. Yo toujou kontinye rekòmande vaksen COVID-19 la seryezman.

Li enpòtan pou n raple nou COVID-19 la toujou la. Resevwa ak **mete vaksen COVID-19 ou yo ajou** se pi bon fason pou w pwoteje tèt ou kont yon maladi grav, pou ou pa entènè lopital, oswa pou ou pa mouri akòz COVID-19. Resevwa dòz rapèl bivalan ki ajou a ka pwoteje ou kont **sou-varyan omikwon yo**, epi li espesyalman enpòtan pou moun ki gen **kèk kondisyon medikal** oswa yon **sistèm iminitè ki fèb** ki ka predispoze yo pou maladi ki pi grav. Nou ankouraje chak moun pou yo evalye **risk COVID-19 pou sante** pèsònèl yo epi pran mezi ki apwopriye yo. Si ou gen gwo risk, nou ankouraje w chèche konsèy nan men doktè pèsònèl ou. Si ou pa gen yon doktè pèsònèl, ou ka kontakte Sant Sante Inivèsite a nan **301.314.8184**.

Kòm sezpn viris respiratwa toujou la, tanpri kontinye **pran mezi prevantif** k ap ede w kenbe tèt ou, fanmi ou ak kominote kanpis nou an sante ak an sekirite.

Bòn chans pou yon semès ki chaje siksè!

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Spyridon S. Marinopoulos". The signature is fluid and cursive, with the first name "Spyridon" being more prominent and larger than the last name "Marinopoulos".

Spyridon S. Marinopoulos, M.D., M.B.A., F.A.C.P.

Direktè, Sant Sante Inivèsite a

Ofisye Medikal anchèf, Inivèsite Maryland lan

Li/Li/Li